



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MONIMAN ISTORIK ETA NEW YORK YO AP LIMEN POU ONORE JOUNEN KÈ MOV LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta New York yo ap limen an mov dimanch 7 out 2022 a pou komemore Jounen Kè Mov la.

"Jodi a, Kè Mov la reprezante depans imans ak sakrifis ke manm sèvis nou yo te fè atravè sèvis militè yo pou Eta ak Peyi nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York gen dèt etènèl pou tout sila yo ki te sèvi epi ki resevwa Kè Mov la. Jodi ak toule jou nou onore epi rekonèt sèvis yo."

Nan jounen 7 out 1782, nan Katye Jeneral la nan Newburgh, New York, Jeneral George Washington te òdone kreyasyon Badj Merit Militè a, predesesè Kè Mov modèn lan, premye dekorasyon militè pou sa ki te vin tounen Etazini Damerik la. Pi ta yo te rekonèt Kè Mov modèn lan nan dat 5 avril 1917.

**Viviana DeCohen, Direktè Divizyon Sèvis pou Ansyen Militè Eta New York la, te deklare,** "Nou sonje manm sèvis sa yo ki te sèvi ak distenksyon ak sakrifis yo pou pwoteje libète ak mwayen lavi ke nou menm antanke Ameriken ak Nouyòkè privilejye pou genyen akoz sèvis yo. Se alafwa privilèj nou pou komemore sèvis militè yo ak responsablite nou pou rekonèt sakrifis fizik ak mantal ki soti nan sa."

**Direktè Salon Onè Kè Mov Nasyonal la (National Purple Heart Hall of Honor) Anita Pidala, te deklare,** "Jodi a, 7 out 2022 a, se 240yèm anivèsè kreyasyon Badj Merit Militè a, enspirasyon pou meday Kè Mov modèn lan. Tanpri rechwenn nou pou obsève Jounen Apresyasyon Kè Mov la lè nou sonje epi bay remèsiman a tout moun ki resevwa Kè Mov yo pou asire ke nou pa bliye sila yo ki te sakrifye yo pou libète nou."

Moniman istorik k ap limen pou rekonèt Jounen Kè Mov yo se:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la

- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Empire State Plaza

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418